



Pou Piblikasyon Imedya: 10/19/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**DEKLARASYON GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO SOU DESIZYON TRIBINAL
APÈL ETAZINI OSIJÈ LWA SOU SEKIRITE NEW YORK**

“Jodia Tribinal Apèl Etazini pou dezyèm sikwi a te konfime sa nou te konnen ki te verite pandan lontan– ke dispozisyon fondamantal lwa sou SEKIRITE NEW YORK pa vyole dezyèm amannman an. Jodia, bon sans triyonfe.

“Lè nou te pase Lwa sou SEKIRITE, senpleman kèk jou apre trajedi yo ki te pase nan Newtown ak Webster, New York te pwouve a peyi a ke li posib pou adopte kontwòl zam sansib ki ko-egziste avèk dezyèm amannman an. Nou te montre ke li ka fèt avèk sipò toulède pati yo nan alafwa kominote riral ak iben. E nou te pran yon gwo etap pwogrè fondamantal pou mete fen nan fleyo اساسina ensanse lè yo retire zam nan men kriminel yo ansanm avèk sila yo ki malad gravman nan tèt.

“Ka sa valide yon senp verite fondamantal osijè kontwòl zam: ke li posib pou gen lwa sevè kap kenbe kominote nou yo ansekirite, pandan anmenmtan lap respekte dwa pwopriyetè zam yo ki respekte lalwa. New York te fikse egzanp lan – e li plis ke tan pou Washington swiv menm wout la epi pase yon lwa nasyonal sou kontwòl zam sansib.”

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418